

26

avril

... W a konnen ki jan moun konpòte tèt yo lakay Bondye a, sa vle di, legliz Bondye vivan an.

1 Timote 3. 15

Paske, pèsonn pa kapab poze yon lòt fondasyon pase sa yo te poze a, sa vle di : Jezi Kris. Men si poze yon moun bati sou fondasyon sa a..., E, dife a ap teste kalite travay chak moun.

1 Korentyen 3. 11-13

Konpòtman nan legliz la (2)

Se Jezi menm ki bati legliz li pèsonèlman. Bondye ap garanti pèfeksyon kay la epi talè konsa n ap ka wè l nan syèl la. Annatandan, chak kretyen se yon “wòch vivan”, e pa yon wòch ki mouri, nan kay la. Bondye ap tann pou chak moun patisipe nan konstriksyon an yon fason efikas, sa vle di pandan n ap obeyi li.

Chak moun jwenn lòd sa yo espesyalman nan lèt apot enspire yo te ekri pou nou : gen yon lòd Bondye etabli nan asanble a. Gason, fanm, jèn, ak moun ki pi gran yo, yo tout gen yon fonksyon byen detèmine e endispansab. Se Sentespri a ki distribye wòl yo dapre sajès ak souvèrènte Bondye ; kèk nan yo vizib e piblik, kèk lòt kache (1 Korentyen 12. 4-11). Sa ki dwe okipe lespri m, se ki kontribisyon m ap bay pou m kapab itil a tout lòt yo.

Se Mèt ki bay travay la k ap tèsde travay chak moun : “Si travay moun nan bati a kenbe, ebyen, l ap resevwa yon rekonpans. Men, si travay la boule, se moun nan k ap nan pèd” (1 Korentyen 3. 14, 15). Konsa, m ap fè efò pou m bay yon bonjan kontribisyon ki ka itil tout lòt yo.

Avan tout bagay, piga nou bliye, motè sèvis nou, se lanmou pou Senyè a ak pou frè nou yo, se lanmou sa ki “yon lòt chemen ki depase yo tout” (1 Korentyen 12. 31), “li se ne ki fè nou total” (Kolosen 3. 14). Nan mitan nou se pou tout bagay fèt ak lanmou (1 Korentyen 16. 14).

26

avril

... Que tu saches comment il faut se conduire dans la maison de Dieu, qui est l'assemblée du Dieu vivant.

1 Timothée 3. 15

Personne ne peut poser d'autre fondement que celui qui est posé, qui est Jésus Christ. Si quelqu'un édifie sur ce fondement..., l'ouvrage de chacun sera mis en évidence.

1 Corinthiens 3. 11-13

Se conduire dans l'assemblée (2)

Jésus bâtit son Église personnellement. La perfection de l'édifice est donc assurée et sera bientôt visible dans le ciel. En attendant, chaque chrétien est une "pierre vivante", et non inerte, dans l'édifice. Le Seigneur attend de chacun qu'il participe à la construction d'une façon efficace, en lui obéissant.

Chacun trouve ces instructions dans la Bible, en particulier dans les lettres que les apôtres inspirés ont rédigées à notre intention : il y a un ordre établi par Dieu dans l'assemblée. Les hommes, les femmes, les jeunes, les plus âgés, tous ont une fonction précise et indispensable. Les rôles sont distribués par le Saint Esprit selon la sagesse et la souveraineté divine ; certains sont visibles et publics, d'autres plus cachés (1 Corinthiens 12. 4-11). Ma préoccupation doit être de comprendre quel est le mien et de le remplir fidèlement.

Le service de chacun est évalué par le Maître d'ouvrage : "Si l'ouvrage que quelqu'un aura édifié dessus demeure, il recevra une récompense ; si l'ouvrage de quelqu'un vient à être consumé, il en éprouvera une perte"(1 Corinthiens 3. 14 15). Je m'efforcerai donc d'avoir une contribution positive afin d'être utile à tous.

Par-dessus tout, n'oublions pas que le moteur de notre service, c'est l'amour pour le Seigneur et pour nos frères, cet amour qui est "le chemin bien plus excellent" (1 Corinthiens 12. 31), "le lien de la perfection" (Colossiens 3. 14). "Que tout parmi vous se fasse dans l'amour" (1 Corinthiens 16. 14).